



Pou Piblikasyon Imedya: 24/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKÒ MILTI ETA KI SIYEN AK PRENSIPAL PATNÈ EKOSISTÈM IDROJÈN YO POU PROPOZE YON SANT IDROJÈN REJYONAL POU ENÈJI PWÒP

Konsòsyòm milti-ajans ki dirije pa New York anonse Connecticut, Massachusetts, ak New Jersey pran rejwenn plizyè douzèn kòporasyon ak inivèsite, pou montre yon vizyon rejyonal pataje pou siksè alontèm

Patnè yo pral devlope pwopozisyon pou finansman Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti federal ak deziyasyon kòm sant idwojèn pwòp rejyonal

Avanse lidèchip Eta New York sou rechèch ak devlopman idwojèn pwòp

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke New York te siyen yon akò milti eta, ki enkli yon premye gwoup 40 patnè ekosistèm idwojèn, pou devlope yon pwopozisyon pou vin youn nan omwen kat sant idwojèn enèji pwòp rejyonal yo deziyen atravè pwogram Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal (Regional Clean Hydrogen Hubs) fedederal la ki enkli nan Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti (Infrastructure Investment and Jobs Act) Bilateral la. Konsòsyòm ki dirije pa New York la gen ladan Connecticut, Massachusetts, ak New Jersey - ki se lidè depi lontan nan inovasyon selil kabiran idwojè, ak vwazen kle nan koridò I-95 la - kòm premye patnè andeyò eta a ki rantre nan efò rejyonal la, sa ki ouvri pòt pou ogmantasyon eta alavni. Anons jodi a fè avanse lidèchip chak Eta nan deplwaman rechèch ak devlopman enfrastrikti idwojèn pwòp, epi li sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou diminye emisyon gaz ki lakoz efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050. Anons jodi a se yon etap enpòtan nan mete ann aplikasyon direktiv Gouvènè Hochul nan Diskou devan Asanble Lejislatè Eta an 2022 a pou fè Eta New York tounen yon sant idwojèn vèt.

"New York fyè pou li trase chemen an nan fòm patenarya solid pou konbat menas egzistansyèl chanjman klimatik la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Elaji mache idwojèn nan se yon bagay ki enpòtan nan pouswit agresif New York pou altènativ enèji pwòp ki pral dinamize ekonomi nou an epi avanse objektif klimatik nou yo. Kowalisyon tankou

sa a sèvi kòm yon modèl pou nasyon an sou kolaborasyon ki nesèsè pou afwonte moman sa a epi mennen nou pi pre yon avni san kabòn, epi mwen remèsye Gouvènè Lamont, Baker ak Murphy pou patenarya yo."

"Connecticut te yon lidè depi lontan nan abòde kriz klimatik la ak nan rechèch ak devlope teknoloji inovan, epi patenarya eksitan sa a ini tou de domèn kle lidèchip sa yo", **Gouvènè Ned Lamont te deklare**. "Nou fyè pou pataje yon angajman pou lidèchip klimatik, inovasyon selil kabiran, ak travay enèji pwòp ak eta vwazen nou yo, ki pral pozisyone nou nan yon fason konpetitif pou pote investisman federal nan idwojèn pwòp nan rejyon nou an."

"Ijans chanjman klimatik la ak aplikasyon estrateji nèt zewo nou an rive 2050 egzije yon apwòch konplè, ki gen ladan rechèch la ak deplwaman teknoloji ki pral pèmèt plis enèji pwòp ki rantab alavni", **Gouvènè Charlie Baker te deklare**. "Anons jodi a se yon etap enpòtan pou kolaborasyon rejyonal nan entegre resous enèji pwòp sa a nan estrateji klima nou an ki egziste deja, epi Massachusetts espere travay ak patnè eta nou yo sou inisyativ sa a."

"Idwojèn pwòp gen pwomès pou elaji pòtfolyo enèji pwòp divèsifye New Jersey a", **Gouvènè Phil Murphy te deklare**. "Teknoloji idwojèn pwòp gen potansyèl pou amelyore emisyon gaz ki lakòz efè sè ak enpak polisyon lè danjere yo. Asosye ak patnè rejyonal nou yo pral pèmèt nou bati yon kowalisyon solid pou devlopman teknoloji idwojèn pwòp epi kiltive kwasans ekonomik ak opòtinite pou New Jersey."

Patnè Consortium yo pran angajman pou kolabore ak NYSERDA, NYPA, ak ESD nan devlopman pwopozisyon pou avanse pwojè idwojèn yo. Eta k ap fè patenarya yo pral kowòdone tou ak antite eta respektif yo pou ede fè aliman efò konsòsyòm yo ak objektif klimatik ak enèji pwòp chak eta yo. Sa yo enkli objektif Lwa sou Solisyon pou Rechofman Global (Global Warming Solutions Act) Connecticut la pou redui emisyon gaz ki lakòz efè sè a 80% rive 2050 ak objektif Lwa sou Entèkansyon kont Rechofman Global (Global Warming Response Act) Massachusetts la pou redui emisyon gaz ki lakòz efè sè a 80% rive 2050.

Konsòsyòm lan pral travay tou pou devlope yon pwopozisyon an repons ak Anons Opòtinite pou Finansman Depatman Enèji (Department of Energy, DOE) Etazini an, ki prevwa pou lanse an me 2022 ak 8 milya dola nan finansman ki disponib.

Lè nou fòme patenarya sa a, New York prezante yon apwòch multi-eta kowòdone nan yon sant idwojèn ki konekte tout chèn valè pwodiktè idwojèn yo, itilizatè yo, fabrikan teknoloji ak ekipman yo, ak kominote rechèch ak devlopman ki gen ladan laboratwa nasyonal ak inivèsite yo.

Anplis Connecticut, Massachusetts, ak New Jersey, patnè yo enkli:

- Alliance Energy Group LLC
- Alternative Aviation Fuels LLC

- BAE Systems
- Bloom Energy Corporation
- CALSTART
- Climate Jobs NY
- Columbia University
- Consolidated Edison Company of New York, Inc.
- Cornell University
- Cummins, Inc.
- Daroga Power
- Doosan Fuel Cell America, Inc.
- Ecoelectro, Inc.
- Empire State Development (ESD)
- FuelCell Energy
- Invenergy Hydrogen LLC
- Liberty Utilities (St. Lawrence Gas) Corp.
- Otorite Elektrik Long Island lan (Long Island Power Authority, LIPA)
- National Grid
- Konsòsyòm Nasyonal pou Rechèch ak Devlopman Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot
- Teknoloji Estokaj Batri ak Enèji nan New York (New York Battery and Energy Storage Technology, NY-BEST)
- Otorite Elektrik New York la (New York Power Authority, NYPA)
- New York University
- Next Hydrogen Corporation
- Nucor Steel Auburn, Inc.
- Ohmium International
- Orange and Rockland Utilities, Inc.
- Partnership Fund for New York City
- Plug Power Inc.
- Rochester Institute of Technology (RIT)
- Standard Hydrogen Corporation
- Stony Brook University / Advanced Energy Center (AERTC)
- The City College of New York (CUNY)
- Port Authority New York ak New Jersey
- University at Buffalo, The State University of New York
- Vermont Gas Systems (VGS)
- WATT Fuel Cell Corporation

Avèk egzekisyon akò sa yo, patnè yo pral travay ansanm pou:

- Defini vizyon ak plan pataje pou sant idwojèn rejyonal la ki kapab avanse inovasyon enèji idwojèn vèt san danje ak investisman pou adrese chanjman klimatik, pandan y ap amelyore sante, rezistans, ak devlopman ekonomik rezidan rejyon an.

- Avanse yon pwopozisyon Hub ki fè klima ak jistis anviwònmantral plase nan sant estrateji li a, ki pral bay opòtinite ak amelyore kalite lavi nan zòn ki pa gen ase resous atravè rejyon an.
- Fè rechèch ak analiz ki nesese pou sipòte pwopozisyon sant lan ak aliman sou apwòch pou mezire rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè tèmik kòm rezilta deplwaman teknoloji sa a.
- Devlope yon kad pou asire ke yo pataje ekosistèm pou inovasyon, pwodiksyon, enfrastrikti, ak devlopman mendèv ki gen ak rapò yo atravè tout eta patnè yo.
- Sipòte opòtinite ki responsab pou anviwònman an pou devlope idwojèn, an akò ak politik eta k ap patisipe yo.

New York ak eta patnè li yo kontinye chèche lòt patnè piblik ak prive nan rejyon an epi konsantre sou kowòdone ekosistèm inovasyon rejyonal selil kabiran an. Kowalisyon an pral chèche entegre enèji ewolyèn ak solè PV nan pwodiksyon idwojèn epi deplwaye idwojèn pou itilize nan transpò, tankou pou machin pwa mwayen ak pwa lou yo, endistri lou, pwodiksyon kouran elektrik ak aplikasyon maritim oswa lòt itilizasyon apwopriye ki konstan avèk efò dekarbonizasyon yo

Patnè konsòsyòm alavni yo ka gen ladan sèvis piblik, founisè elektwolizè, founisè solisyon selil kabiran, transpò, enfrastrikti alimantasyon ak patnè endistriyel yo, ajans gouvènman yo, òganizasyon kominotè yo, enstiti edikasyon siperyè yo, kolèj kominotè yo, lekòl pwofesyonèl yo ak òganizasyon san bi likratif yo

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Kolaborasyon enteresan sa a se premye etap nan ogmante finansman idwojèn federal la pou etabli yon sant idwojèn. Avèk patnè nou yo, Eta New York ap pozisyone rejyon an kòm yon lidè nan devlopman idwojèn vèt ak yon vizyon sou fason pou bay yon pati enpòtan nan rezo enfrastrikti idwojèn nasyonal la pandan y ap bay benefis pou kominote vilnerab ak defavorize yo nan ranplase pwodiksyon kabiran fosil lokal yo epi kreye opòtinite travay nan enèji pwòp."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare, "Objektif anbisye New York pou reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040 mande yon apwòch ki gen plizyè aspè, kolaborasyon san parèy, ak teknoloji ak resous ki pa ko devlope. Nou menm nan Otorite Enèji New York la, nou entrige pa wòl idwojèn ka jwe nan pouse nou nan direksyon avni dekarbonize sa a epi n ap sipòte konpayi idwojèn vèt tankou Plug Power nan plizyè lokal atravè eta a ak enèji idwojèn nan pri ki rantab. Nou menm ansanm ak kòlèg nou yo ki gen anpil estimasyon k ap patisipe nan efò Hydrogen Hub milti eta sa a, nou konprann ijans pou aksyon solid ki pral abòde chanjman klimatik kounye a, epi NYPA, kòm toujou, pare pou li ede trase yon nouvo chemen k ap mennen nou nan yon fiti enèji pwòp."

Komisè Pwovizwa epi Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral deziyen Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "Objektif klimatik ak enèjetik pwòp New York yo vin pi solid toujou gras ak kowalisyon eta vwazen sa yo ak patnè milti-sektè yo,

epitou l ap fè nou tout vin pi konpetitif nan bati ekonomi vèt la. Sant idwojèn rejyonal yo pwopoze a pral ede tou sipòte efò kontinyèl eta a nan inovasyon teknoloji ak devlopman mendèv pandan nou tout ap avanse ansanm nan direksyon yon avni enèji pwòp."

Senatè Charles Schumer te deklare, "Soti nan Rochester rive nan Lwès New York rive nan Rejyon Kapital la rive nan Long Island, New York ap dirije nasyon an nan pwodiksyon enèji idwojèn epi anons jodi a sou yon patenarya milti-eta ak gwo lidè endistri yo montre kijan Empire State gen tout bon engredyan yo pou vin premye Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal nan nasyon an. Mwen fyè pou m mennen bak la nan nivo federal pou New York kapab alimante avni enèji pwòp Etazini an. Lè m te dirije adopsyon Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti bilateral la ak yon investisman federal san parèy ki se 9.5 milya dola pou elaji endistri idwojèn lan, mwen te panse ak konpayi inovan New York yo ak potansyèl pou kreye dè milye djòb enèji pwòp ki byen peye nan kominote ki bezwen li pi plis. Mwen te deja pèsonèlman defann Sekretè Enèji a Granholm ke New York se chwa natirèl pou dirije yon Clean DOE Hydrogen Hub, epi mwen pral kontinye fè tout sa mwen kapab pou garanti investisman istorik sa a pou eta a. Mendèv santral New York la, enstitisyon rechèch ki pi wo yo, ak aksè fasil ak enèji renouvlab ki nesèsè pou pwodui idwojèn vèt la fè li apwopriye pou senpliye ak dirije efò gouvènman federal la pou sekirize plas nasyon an kòm yon lidè mondyal nan pwodiksyon idwojèn pwòp pou alimante batay nou an kont chanjman klimatik la."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "New York se yon lidè nan inovasyon enèji pwòp depi lontan. Patenarya sa a kontinye tradisyon sa a, mete ansanm ekspètiz gouvènman lokal, enstitisyon rechèch yo, ak sektè prive a pou devlope nouvo teknoloji ak bati kapasite pou founi enèji idwojèn pwòp nan rejyon an. Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou efò sa a epi mwen pral kontinye travay nan nivo federal pou fasilite tranzisyon New York nan sous enèji pwòp ak efikas yo. Patenarya sa a se yon etap enpòtan pou atenn sib 85 pousan rediksyon emisyon New York nan ane 2050."

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare, "Mwen fyè dèske m te ede adopte Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti ki te rann patenarya sa a posib. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te òganize patenarya milti eta sa a ki pral pozisyon New York kòm yon lidè nan tout peyi a nan rechèch ak devlopman idwojèn pwòp. Nou bezwen an ijans nouvo solisyon enèji pou evite dezast klimatik epi konsòsyòm sa a pral ede NY dirije devlopman nouvo solisyon sa yo."

Reprezantan Gregory W. Meeks, te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te dirije yon efò milti-eta sou diminisyon chanjman klimatik. New York kontinye dirije nasyon an ak inisyativ klima ak enèji pwòp pandan n ap travay pou rebati ekonomi nou an apre COVID-19. Mwen fyè dèske m te defann Lwa sou Enfrastrikti ak Travay Bilateral la ansanm ak kòlèg mwen yo nan Kongrè a pou fè opòtinite ki pote transfòmasyon sa a vin yon reyalyte epi mwen pa ka tann pwogrè li."

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Finansman federal ki enkli nan Lwa sou Enfrastrikti pou Kreyasyon Sant Idwojèn Rejyonal Bilateral ap chèche akselere teknoloji

pwodiksyon idwojèn abòdab nan Etazini atravè sous enèji renouvlab yo. Apwòch kolaboratif sa a, ki te devlope anba lidèchip Gouvènè Hochul, mete inisyativ sa a apa kòm yon benefisyè ki merite resous ki enkli nan pwogram 8 milya dola sa a Mwen gen tout konfyans ke New York ka ede dirije efò federal sa a ki finalman pral diminye emisyon kabòn endistriyèl yo ak avanse konpetitivite Ameriken an."

Reprezantant Yvette Clarke te deklare, "Patenarya enpòtan sa a ak pati konsène kle yo se bon mouvman ki tabli lidèchip New York nan pwoteje anviwònman nou an, epi li se yon agrandisman enpòtan nan efò chanjman klimatik nou yo. Anplis de sa, patenarya milti-eta sa a se yon ekstansyon natirèl nan travay mwen te defann ak fyète nan Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti a, ke Kongrè a te adpte nan fen ane 2021 an, ki te kreye yon Pwogram Fòmil Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal (National Electric Vehicle Infrastructure, NEVI) pou bay eta yo finansman ki nesèsè pou konstwi yon rezo estasyon rechaj veyikil elektrik sou Koridò Kabiran Altènatif ki deziyen yo ak lòt kote ki aksesib piblikman. Ak sektè transpò New York la ki reprezante yon total de 47 pousan emisyon CO2 ki gen rapò ak enèji nan tout eta a, kowalisyon sa a ak eta vwazen yo gen potansyèl pou transfòme apwòch nou an pou abòde chanjman klimatik nan yon fason ki sanse epi ki ekita. Nou dwe mete tèt ansanm epi travay pou redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè epi vizyon ak pwopozisyon Gouvènè Kathy Hochul pou fòme patenarya ki konsantre sou enèji vèt sa a pou ede redwi anprent kabòn nou yo rive alè epi li trè louwab."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Idwojèn pwòp ka jwe yon wòl enpòtan nan reyalize objektif klima eta ak nasyonal nou yo. Se poutèt sa mwen te goumen anpil pou garanti opòtinite finansman federal pou ede akselere tranzisyon enèji pwòp reyon nou an nan kad Lwa sou Enfrastrikti Bilateral ane pase a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Eta New York paske yo te trase wout pou òganize yon gwo kowalisyon etatik, enstitisyon edikasyon siperyè yo, ak sektè prive a pou asire koperasyon efikas pou devlope yon chèn apwovizyonman idwojèn rejonan. Mwen pa ka tann pou noutravay ansanm pou sezi opòtinite sa a pou inovasyon enèji, kreyasyon djòb, ak rediksyon polisyon atravè eta ak nasyon nou an."

Reprezantan Tom Reed te deklare, "Nou te toujou sipòte inovasyon ak devlopman nan teknoloji enèji pwòp tankou pwodiksyon idwojèn. Sa a se jis youn nan anpil rezon ki fè nou te vote pou Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti a. Kreyasyon yon sant idwojèn rejonan atravè patenarya yo anonse sa a se ta yon opòtinite ekselan pou envestisman ki fèt nan kad Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti a pou ede nou avanse nan chemen k ap mennen nan enèji ki pi pwòp."

Reprezantant Kathleen Rice te deklare, "Se bèl bagay pou nou wè finansman ki soti nan Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti pral nan direksyon kalite inovasyon ak kolaborasyon sa a. Diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik se youn nan fason ki pi efikas nou ka konbat chanjman klimatik, epi mwen kontan anpil paske Gouvènè Hochul ap priyoreze agrandisman resous enèji pwòp New York yo. Mwen pa ka tann pou m wè kisa kowalisyon rejonan sa a pwopoze."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Antanke manm Gwoup Idwojèn ak Selil Konbistib Kongrè a, m ap goumen pou m asire nou kite dèyè yon mond ki an sante, pwòp e ki vibran pou jenerasyon k ap vini yo. Rochester deja ap dirije wout la, epi mwen rekonesan pou travay Gouvènè Hochul ap fè pou pozisyone New York kòm yon lidè mondyal nan inovasyon idwojèn pwòp."

Reprezantan Nicole Malliotakis, te deklare, "Nou ka pwodui enèji pwòp, renouvlab, ak tradisyonèl isit la nan eta nou an ak atravè rejyon an epi nou ta dwe pwodui li. Ogmante pwodiksyon enèji domestik ak divèsifye sous nou yo se yon bezwen pou vin endepandan an enèji, alimante ekonomi an ak pwoteje sekirite nasyonal nou an. Patenarya sa a reyini eta yo, konpayi enèji, inivèsite, ak otorite transpò yo pou etabli yon sant rejyonal pou pwodui enèji idwojèn pwòp."

Leonard Singh, Vis Prezidan Prensipal Con Edison, Customer Energy Solutions, te deklare, "Sant Idwojèn yo reflète angajman Con Edison pou li investi nan founi yon avni enèji pwòp pou tout Nouyòkè yo. Sa a se yon kolaborasyon inovan pou redwi emisyon kabòn lokal yo epi pou atenn objektif enèji pwòp eta a. Idwojèn se yon enèji pwòp ki rezistan, ki dirab epi yo ka itilize li pou diminye emisyon kabòn pou kliyan yo ke sistèm vapè distri nou an sèvi."

Mark Saltsman, vis prezidan ak manadjè jeneral Liberty/NY Gas, te deklare, "Liberty trè kontan pou li fè pati efò enpòtan Gouvènè Hochul ak NYSERDA dirije pou pote kabiran alavni an bay fanmi ak biznis yo nan New York. Liberty apresye opòtinite pou montre kijan North Country ka jwe yon wòl enpòtan nan ekosistèm idwojèn lan. Idwojèn pwòp esansyèl pou atenn objektif anbisyè dekarbonizasyon New York yo, epi pwopozisyon sa a - ak patnè yo ki soti nan tout rejyon nan eta a - ofri yon opòtinite pou itilize enèji ki pwodui lokalman pou alimante endistri nou yo, alimante machin nou yo ak chofe kay nou yo yon fason san danje, fyab, abòdab ak dirab."

Carrie Cullen Hitt, Direktè Egzekitif National Offshore Wind R&D Consortium, te deklare, "Patenarya sa a ki te fòme pa NYSERDA kontribiye anpil pou prepare teren an pou yon kolaborasyon ki pote siksè pami moun ki gen enterè rejyonal kle yo, ki gen ladan enèji ewolyèn olaj zòt kot. Avèk devlopman planifye, enèji ewolèn olaj zòn kot kapab yon gwo kontribisyon nan patenarya a epi finalman pwodiksyon ak depo idwojèn."

Robert Catell, Prezidan Konsèy Konsiltatif Sant Enèji Avanse Stony Brook la, te deklare, "Stony Brook University ak Sant Teknoloji Rechèch Enèji Avanse li a pa ka tann pou sipòte efò enèji idwojèn nan tout Eta New York pou rezoud defi teknik fòm enèji sa a, yon fason pou kreye yon sistèm livrezon enèji dirab ak alontèm ki mache ak idwojèn. Idwojèn gen gwo potansyèl epi li ka ede bay yon sous enèji pwòp pou atenn objektif enèji pwòp peyi a, epi New York patikilyèman byen pozisyone pou li dirije rechèch ki nesèsè pou devlope nouvo teknoloji esansyèl sa yo."

Direktè Egzekitif Climate Jobs NY la, Jeff Vockrodt, te deklare, "Idwojèn pral jwe yon wòl enpòtan nan fiti enèji pwòp New York la, epi rejyon Nòdès la gen tout bon

engredyan pou yon sant idwojèn ki pote siksè. Nou pa ka tann pou nou ede endistri sa a avanse nan yon fason ki kontribye nan objektif rediksyon emisyon yo epi ki kreye bon djòb sendika pou soutni fanmi pou Nouyòkè yo ak kominote yo."

David Matt, Kofondatè Daroga Power, te deklare, "Antanke yon devlopè ki baze nan New York, nou fyè pou nou fè patenarya ak NYSERDA pou reyalize vizyon Idwojèn Eta a. Pòtfolyo pwojè New York nou an pral sipòte demann k ap grandi pou idwojèn pwòp la epi ede reyalize objektif dekarbonizasyon Eta a yo."

Andy Marsh, Direktè Egzekitif Jeneral Plug Power a, te deklare, "Plug Power kontan anpil pou li rantre nan patenarya sa a ak NYSERDA. Kòm yon lidè mondyal ki baze nan New York nan domèn solisyon idwojèn vèt kle yo, nou felisite Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Sena Etazini an Schumer, Senatè Gillibrand, Manm Kongrè Tonko, ak Manm Kongrè Morelle pou lidèchip, vizyon, ak angajman yo genyen pou fè nòdès la vin yon sant idwojèn vèt. Nou pa ka tann pou nou travay ansanm pou ede Eta New York ak patnè nòdès yo reyalize objektif enèji pwòp ak klimatik nou yo."

Prezidan National Grid NY la, Rudolph Wynter, te deklare, "National Grid kontan travay an patenarya ak NYSERDA ak lòt patnè kowalisyon yo pou ede devlope yon sant idwojèn nan Nòdès la. Avansman idwojèn vèt alinye ak efò jeneral nou yo pou dekarbonize rezo enèji nou yo, sipòte objektif enèji pwòp rejyon an epi ede akselere ekonomi enèji pwòp la. Nou te deja franchi premye etap yo pou pote idwojèn nan chofaj espas, dènyèman nou te anonse pwojè HyGrid nou an pou asosye idwojèn vèt nan rezo distribisyon nou an ki egziste deja pou ede chofe kay yo, epi n ap chèche fè plis atravè gwo patenarya sa a."

Direktè Egzekitif Jenera LIPA, Thomas Falcone, te deklare, "Devlope yon sant idwojèn ak patnè nou yo pral yon etap enpòtan pou satisfè bezwen enèji alavni rejyon nou an. Avèk aplikasyon potansyèl nan transpò, endistri, ak rezo elektrik la, idwojèn pwòp se yon teknoloji esansyèl pou ede dekarbonize ekonomi nou an. Aksè abondan ak enèji ewolyèn olaj zòn kot la ta ka fè idwojèn vèt vin yon pati ki espesyalman enpòtan nan fiti enèji pwòp Long Island lan."

Plan Kadraj Konsèy Aksyon Klima New York la, ki te pibliye an desanm 2021, idantifye kabiran ki pa gen anpil kabòn tankou idwojèn kòm yon eleman enpòtan nan yon estrateji pou atenn objektif Lwa Klima a nan sektè ki difisil pou elektrisite, tankou transpò ak endistri lou.

Anplis de sa, kòm rekonesans enpòtans idwojèn nan estrateji dekarbonizasyon konplè Eta New York la, Gouvènè Hochul te anonse nan Diskou devan Asanble Lejislatè Eta an 2022 a ke eta a pral antreprann plizyè aksyon dirèk pou sipòte devlopman idwojèn vèt ak investi nan kominote yo ki gen ladan:

- Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) la, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, ak NYSERDA pral devlope yon kad

regilatwa an matyè idwojèn vèt pou mezire rediksyon emisyon ak avantaj sante epi yo pral evalye epi devlope kòd ak estanda pou asire operasyon an sekirite nan kad inisyativ idwojèn vèt yo.

- NYSERDA pral devlope yon pwogram pou sipòte solisyon mikwo rezo vèt ki mache ak idwojèn ke yo posede lokalman, ki ka ede kominote defavorize yo ranplase jeneratris sekou ki polyan yo.
- NYSERDA pral lage 27 milyon dola nan finansman Inovasyon Idwojèn NYSERDA pou sipòte devlopman pwodwi, pwojè pilòt, ak demonstrasyon atravè demann konpetitif yo.
- NYSERDA pral pwopoze yon demonstrasyon idwojèn vèt (etid ak/oswa evalyasyon enjenyeri) pou chofaj ak refwadisman distri.
- NYSERDA pral elaji envèstisman ki egziste deja yo epi rasanble moun ki gen enterè kle yo ak itilizatè idwojèn aktyèl yo, tankou fabrikasyon pis, pwodiksyon metanòl, ak materyèl antretyen depo.
- NYSERDA pral lanse yon Pwogram Prim Idwojèn Vèt (Green Hydrogen Prize Pwogram) pou sipòte konpayi idwojèn vèt yo k ap chèche elaji nan Eta New York.

Pou plis enfòmasyon sou aktivite idwojèn nan Eta New York, tanpri vizite [sit entènèt NYSERDA a](#).

Lwa Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekite nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan Lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, envestisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418